УÆЛЛАГ ИР, НÆ ФЫДÆЛТЫ АВДÆН, ДÆ БОНТÆ ДЫЛ ФÆРНÆЙ ЦÆУÆНТ!

# СÆУÆХСИД
# ЗАРЯ

РЦИ—АЛАНИЙЫ АЛАГИРЫ РАЙОНЫ ГАЗЕТ | АЛАГИРСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

*Газета основана в феврале 1933 года* 7 СЕНТЯБРЯ 2023 ГОДА – РУХÆНЫ МÆЙ ЧЕТВЕРГ – ЦЫППÆРÆМ № 100 (12209) 6+

ПРИЗНАНИЕ



## НАГРАДА ЗА ДОСТОЙНЫЙ ТРУД

**Глава РСО-Алания Сергей Меняйло наградил заслуженного работника ЖКХ республики, генерального директора фирмы «Спецтепломонтаж» Майрама Дзебисова орденом «Слава Осетии».**

Руководитель республики поблагодарил строителя за многолетний плодотворный труд по возведению качественных и надежных социальных объектов.

– Более 30 лет вы строите надежные объекты в Северной Осетии. Знаю, с какой ответственностью подходите к делу, строго следите за реализацией каждого проекта. Сегодня в компании трудятся высококвалифицированные специалисты различных направлений, передайте им также мои слова благодарности. Желаю вам удачи и дальнейшего развития! – сказал Сергей Меняйло.

Майрам Дзебисов, в свою очередь, поблагодарил Главу Северной Осетии за высокую оценку деятельности и подчеркнул, что продолжит принимать участие в социально-экономическом развитии республики.

Отметим, что «Спецтепломонтаж» – активный участник социальных программ и проектов. В частности, на его счету строительство жилого микрорайона на улице Цоколаева во Владикавказе для пострадавших в бесланском теракте, жилого комплекса для детей-сирот, многоэтажных домов для переселенцев из ветхого жилья, комплекса зданий для Республиканского противотуберкулезного диспансера и новые корпуса для Республиканской детской клинической больницы.

Компанией проложены сотни магистральных сетей газоснабжения, водоводов, возведены тысячи квадратных метров инвестиционного и социального жилья как во Владикавказе, так и в других муниципалитетах.

**По материалам пресс-службы Главы и Правительства РСО-Алания.**

В РАЙОННОЙ АДМИНИСТРАЦИИ

## ПОВЫСИТЬ ТЕМПЫ РАБОТЫ

**Еженедельное совещание с руководителями управлений и отделов администрации Алагирского муниципального района, главами городского и сельских поселений провел первый заместитель главы АМС района Роман Гозюмов. Перед обсуждением текущих вопросов он напомнил, что на предыдущей неделе в Алагире прошло выездное заседание Правительства РСО-Алания под председательством Бориса Джанаева.**

Роман Гозюмов отметил, что на заседании с отчетом о социально-экономическом развитии Алагирского муниципального района за первое полугодие 2023 года выступил глава АМС района **Герман Гагиев**. Результаты работы в различных сферах получили высокую оценку в республиканских министерствах и ведомствах. «Этот факт радует, но не является поводом для того, чтобы сбавить темпы, – сказал Р. Гозюмов. – В том числе, деятельность администрации также должна быть направлена на успешное завершение года. В частности, предстоит большая работа по пополнению доходной части бюджета».

Р. Гозюмов сказал и о прошедшем Дне знаний в школах района. На праздничном мероприятии в СОШ № 2 побывал Глава республики **Сергей Меняйло** – выпускник этой школы. «В будущем году в Алагирском районе будут капитально отремонтированы четыре школы, - отметил Р. Гозюмов. – В этой связи предстоит большая работа по организации учебного процесса для учащихся этих школ».

Далее на заседании были обсуждены текущие вопросы. Начальник управления по земельным отношениям, собственности и сельскому хозяйству **Эдуард Саламов** выступил по вопросу обеспечения многодетных семей и семей участников СВО земельными участками для индивидуального строительства. Примерное количество участков – 160, они должны находиться на территориях с необходимой инфраструктурой. На сегодняшний день только в Ногкау предусмотрены подходящие для этой цели участки. Задача администраций остальных поселений – изыскать возможности для решения вопроса.

О ходе инвентаризации объектов недвижимости и земельных участков в поселениях района сказала начальник управления экономического развития **Лариса Икоева**. Хорошие результаты в Верхнем Фиагдоне, Мизуре, Дзуарикау, Бирагзанге. В Црау, Суадаге и других поселениях необходимо увеличить темпы работы.

Подробное обсуждение получили вопросы, связанные с подготовкой к отопительному сезону, санитарным состоянием и подготовкой генеральных планов поселений. В обсуждении участвовали руководитель финансового управления **Зарина Кайтмазова,** заместитель председателя Собрания представителей района **Феликс Цогоев**, начальник отдела инженерных коммуникаций и муниципальных закупок **Борис Дудиев**.

**Пресс-служба районной администрации.**

## К СВЕДЕНИЮ

**Министерство физической культуры и спорта РСО-Алания информирует, что в период с 8 по 9 сентября 2023 года на территории Республики Северная Осетия - Алания запланировано проведение многодневной велогонки на шоссе под рабочим названием «Дружба народов Северного Кавказа» (ЕКП № 31239).**

**В соревнованиях примут участие 200 спортсменов – сильнейших гонщиков России, а также Республики Беларусь.**

**Сроки проведения: 8–9 сентября 2023 года.**

**Начало мероприятия: 8 сентября, 12 часов, – кольцевая групповая гонка в г. Владикавказе, пр. Коста, 20 (район водной станции).**

**9 сентября, 10 часов – трасса с. Гизель «Барбашово поле» (парковка) – Алагир – Ардон – Дигора – Дигора – Чикола – Хазнидон – с. Мадзаска, турбаза «Ростельмаш».**

АУДЫНДЗИНАД

## БАРÆВДЫДТОЙ ФЫЦЦАГКЪЛАСОНТЫ

**Куыд æппæт республикæйы, афтæ фыййагдойнаг фыццагкъласонтæн дæр Зонындзинæдты боны кадæн арæзт бæрæгбоны радтой нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы номæй зæрдылдарæн лæвæрттæ. Куыннæ хъуамæ бацин кодтаиккой сабитæ, хъæугæ канцыларон æрмæгæй дзаг рæсугъд къоппытыл! Канд сабитæ нæ бацин кодтой ахæм зæрдиаг лæвæрттыл. Хистæртæ дæр та банкъардтой республикæйы Сæргълæууæджы аудынад. Ацы хъæппæрис дæр дзурæг у, Сергей Меняйло æппæт хъарутæй дæр кæй архайы Ирыстоны адæмы цардыуаджы домæнтæ фæахъаззагдæр кæныныл. Æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, æууæндæм ыл. Æуухæндæм, ахæм дæсны разамынд æмæ зæрдиаг архайды фæрцы нæ фидæн рæсугъд æмæ бæркадджын кæй уыдзæн, ууыл. Гъемæ Хуыцауæй арфæгонд уæд! Æнтыстджын уæд йæ алы хъуыддаджы дæр!**

Не ‘мкоймаг, ацы скъолайы раздæры рауагъдон, Уæрæсейы Федерацийы Советы сенатор Витали Назаренко, йæ уарзон скъолайы къæсæрыл ацы аз фыццаг хатт чи бахызт, уыцы сабиты барæвдыдта хъæугæ канцыларон æрмæгæй. Зæгъын хъæуы уый дæр, æмæ Витали кæддæриддæр барæвдауы бæрæгбоны лæвæрттæй комбæсты сабиты. Стырзæрдæ нæ кæны, кæм райгуырд æмæ схъомыл, уыцы комбæстыл, йе ‘мкоймæгтыл, йæ сыхæгтыл. Цины уа, хъыджы рæстæг уа, алкæддæр вæййы сæ фарсмæ. Уæдæ йæм æххуысы охыл чи баулæфы, уый дæр дзы тынг разыйæ баззайы. Никуы рох кæны, фыццаградон зонындзинæдтæ кæм райста, цæрды раст фæндæгтæ йын цы ахуырадон артдзæст бацамыдта, уый – Фыййагдоны астæуккаг скъола. Бузныг у йе скъолайы ахуыргæнджытæй, махыл, йæ раздæры ахуыргæнджытыл, кæддæриддæр баузæлы. Æмæ дзы мах дæр стæм стыр бузныг. Гъемæ йын йæхиуыл та Дунесфæлдисæг аудæд! Йæ дзыппы бæркад уæлейæ исгæ бынæй ахадгæ уæд! Æнтыстджын уæд кæддæриддæр!

Æвæджиауы рухс æмæ райдзаст зонады бæстæмæ нæ чысыл бæлццæтты Лæгты дзуар фæндараст кæнæд! Фыццагкъласонтæ æмæ сæ фыццаг ахуыргæнæг зæрин хуры фендау кæрæдзийæн цин æмæ амонд хæссæнт! Фыййагдоны скъола та сын сæ дыууæтæн дæр дыккаг райгуырæн хæдзар куыд суа, ахæм арфæ ракæнæнт Куырттаты комы зædтæ! О, нæ чысыл хуртæ, зонд æмæ уæ зæрдæйы рухсæй чи хайджын кæндзæн, уыцы æрыгон, хæрзконд, хæрзуынд – уæ фыццаг ахуыргæнæг Дианæ уын уæ ныййарджытау адджын фæуæд! Уымæ та ахæм хъару разынæд, æмæ уæ хи хъæбултау куыд рæвдауа! Йæ зын, фæлæ ахадгæ рухстауæн куысты æнтыстджын уæд! Фæндаджы хорзæх сæ уæд!



Æмæ ма иу æхсызгон хабар! Фыййагдоны астæуккаг скъола бахауд хуыздæрты номхыгъдмæ! Æрæджы, Алагиры районы ахуыргæнджыты ног ахуыры азы райдайæны кадæн арæзт æмбырды скъолайы разамонæг **Дзуццаты Людмилæйæн** лæвæрд æрцыд сертификат грант райсынæн. Кæй зæгъын æй хъæуы, фыццаджыдæр уый ууыл дзурæг у, æмæ скъолайæн кæй ис дæсны разамонæг. Фæлтæрдджын ахуыргæнджыты коллективимæ «а» æмæ «о»- йæ, уæхскуæзæй архайгæйæ кæй æххæст кæнынц сæ ахсджиаг хæс – æхсæнадæн хъомыл кæнынц аккаг фæлтæртæ. Æппæт коллективæн дæр бæрæгбоны æмæ уыцы цауы фæдыл кæнын зæрдæбын арфæ.

Мæ зæрдæ сын зæгъы фидар æнæниздзинад, амонд, фæрныгад æмæ ноджы стырдæр уæлахизтæ!

**ФÆРНИАТЫ Райæ,**
педагогон фæллойы ветеран.

ГОСПОДДЕРЖКА

# КОГДА ЧЕЛОВЕК ЗАНИМАЕТСЯ ЛЮБИМЫМ ДЕЛОМ

**Помочь адресно малоимущим семьям и гражданам выйти на стабильный доход призвана федеральная программа субсидирования, запущенная в регионах страны в 2021 году и именуемая социальным контрактом. Благодаря этому виду помощи тысячи граждан смогли переобучиться и найти работу, открыть своё дело. Размер субсидии разный и может достигать 350 тысяч рублей. Претендент на государственную социальную помощь должен соответствовать главному критерию – его доход не должен превышать сумму прожиточного минимума.**



Одной из тех, кто заключил соцконтракт на развитие собственного дела с Комплексным центром социального обслуживания населения района, стала жительница Алагира, мастер по пошиву и ремонту одежды **Мадина Гозюмова**.

Благодаря средствам, полученным от государства, Мадина в прошлом году смогла приобрести профессиональные швейные машинки, о которых давно мечтала, а также отпариватель для одежды, ткани, нитки, шкаф для хранения фурнитуры. Как признаётся швея, работать на таком современном оборудовании намного легче и приятнее. Ведь 10 лет она трудилась за чужой машинкой старого образца. Всё необходимое для работы девушка заказала в Хасавюрте, отчиталась перед КЦСОН за полученные денежные средства, как того требует процедура участия в программе.

Какой проект представить на суд комиссии? Такой вопрос перед Мадиной даже не стоял, так как она видит себя только с ниткой и иголкой. К слову, любовь к швейному делу Мадина переняла от своей прабабушки Папы Загаловой, известной в Алагире мастерицы. В 70-х годах именно у неё шили наряды местные модницы.

С 8 лет Мадина шила платья для кукол. Причём не только для своих, но и для кукол соседских девочек. Крошечные платья, блузки, юбки и даже шубы Мадина моментально мастерила своими умелыми руками. С особым удовольствием ходила она на уроки труда, где девочек учили шить, вязать и вышивать.

Образы для себя Мадина Гозюмова начала шить в 11 классе. Ни для кого из родни не стало неожиданностью решение девушки пойти учиться в швейный лицей № 4 г. Владикавказа. Но все очень удивились, когда узнали, что после окончания лицея она пошла работать не по специальности, а в Алагирское дорожное ремонтно-строительное управление. Проработала там семь лет, прежде чем судьба вновь свела её со швейным искусством. В один из дней Мадине позвонила одноклассница **Оксана Кайтмазова**, которая на тот момент работала в ателье "Трио", с предложением вернуться в профессию. Мадина согласилась.

Вот уже 12 лет она трудится в сфере пошива и менять профессию больше не намерена. "Мне очень нравится видеть результаты своей работы на клиентах", – признается она. Прекрасно, когда человек не только занимается любимым делом, но и имеет возможность развивать его при помощи государства!

**Римма ГУГКАЕВА.**

**РЕСПУБЛИКА СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ-АЛАНИЯ**
**СОБРАНИЕ ПРЕДСТАВИТЕЛЕЙ**
**АЛАГИРСКОГО МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА**

## РЕШЕНИЕ

от 02.08.2023 г. № 7-22-2 г. Алагир

**О внесении изменений в решение Собрания представителей Алагирского муниципального района от 20.12.2022 г. № 7-16-3 «О бюджете Алагирского муниципального района на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов»**

Рассмотрев обращение АМС Алагирского района от 26.07.2023 года № 2248, в соответствии со статьей $92^1$ Бюджетного кодекса Российской Федерации Собрание представителей Алагирского муниципального района решает:

1. Внести в решение Собрания представителей Алагирского муниципального района от 20.12.2022 г. № 7-16-3 «О бюджете Алагирского муниципального района на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов» следующие изменения:

1.1. Часть 1 изложить в следующей редакции:

«1.Утвердить основные характеристики бюджета Алагирского муниципального района (далее – районный бюджет) на 2023 год:

прогнозируемый общий объем доходов районного бюджета в сумме 1091111,4 тыс.руб., с учетом средств, получаемых из республиканского бюджета по разделу «Безвозмездные поступления» в сумме 597780,1 тыс. руб., общий объем расходов районного бюджета в сумме 1204059,5 тыс. руб.;

дефицит районного бюджета в сумме 112 948,1 тыс. руб.»

1.2. В пункте 6 статьи 3:

цифры «22 358,0» заменить цифрами «139 588,2»

В части 1 статьи 5:

в абзаце 1 цифры «55 694,2» заменить цифрами «58 194,2»;

1.3. Приложение 2 «Доходы бюджета Алагирского муниципального района на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов», изложить в редакции приложения 1 к настоящему решению;

1.4. Приложение 3 «Ведомственная структура расходов бюджета Алагирского муниципального района на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов» изложить в редакции приложения 2 к настоящему решению;

1.5. Приложение 4 «Распределение бюджетных ассигнований по разделам и подразделам, целевым статьям (муниципальным программам и непрограммным направлениям деятельности), группам и подгруппам видов расходов классификации расходов бюджета Алагирского муниципального района на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов» изложить в редакции приложения 3 к настоящему решению;

1.6. Приложение 5 «Распределение бюджетных ассигнований по целевым статьям (муниципальным программам и непрограммным направлениям деятельности), разделам, подразделам, группам и подгруппам видов расходов классификации расходов бюджета Алагирского муниципального района на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов» изложить в редакции приложения 4 к настоящему решению.

1.7. Приложение 8 «Источники финансирования дефицита бюджета Алагирского муниципального района на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов» изложить в редакции приложения 5 к настоящему решению.

1.8. Приложение 11 «Распределение иных межбюджетных трансфертов, передаваемых бюджетам поселений из бюджета Алагирского муниципального района на 2023 год» изложить в редакции приложения 6 к настоящему решению.

2. Настоящее решение вступает в силу со дня его официального опубликования.

**Глава Алагирского муниципального района Республики Северная Осетия - Алания**
**И. ДЗАНТИЕВ.**

***С приложениями к настоящему решению можно ознакомиться на официальном сайте АМС Алагирского района, по адресу: алагир.рф***

ГАЗЕТКÆСÆДЖЫ ХЪУЫДЫ

# *АДÆМЫ ФАРН ТЫХДЖЫН У*

Журнал «Мах дуг»-ы Агънаты Гæстæны аивадон-документалон уацау «Суджы уæрдон» куы бакастæн, уæд та мæ зæрдыл æрлæууыд мæ саби, ме 'взонджы бонтæ цы фæрнджын хъæуы арвыстон, уыцы зæдбадæн Дзуарыхъæу. Уæдæ цæй фидар, фæразон æмæ быхсон разындысты нæ фыдæлтæ! Нæ бакуымдтой сæттын цыфыддæр знагæн. Ахъаззаджы ныхкъуырд радтой немыцаг балбирæгътæн. Нæ сыл фæтых сты нæдæр æххормаг азтæ, нæдæр мæлæтхæссæг рын – тиф. Цыфæнды уавæрты дæр Советон Цæдисы æппæт адæмтимæ Иры дзыллæтæ дæр бахъахъхъæдтой Фыдыбæстæ. Бахъахъхъæдтой ирон фарн, кад æмæ намыс. Мæнмæ гæсгæ сын уымæн стыр ахъаз уыд сæ иудзинад, кæрæдзимæ уарзондзинады æнкъарæнтæ. Æмбæнд-æмзонддзинад сын тых дæр, хъару дæр æмæ ныфс дæр лæвæрдта.

Нæ хъæуы æмæ нæ сыхы Фыдыбæстæйы Стыр хæстæй ма цы иугай нæлгоймæгтæ æрбаздæхт, уыдон, сæ фæллад нæ нымайгæйæ, бавнæлдтой хæсты фæстиуджытæ аиуварс кæнынмæ, фыццаджыдæр банывылкæнын хъуыд хъæууон хæдзарад. Æмæ нæлгоймагæй-сылгоймагæй, стырæй-чысылæй сæ дыстæ арф бафæлдæхтой æмæ, æхсæв-бон нæ хынцгæйæ, уæхскуæзæй архайдтой. Уæдæ хæст æнæдарæг цы бинонты фæкодта, уыдон дæр рохуаты нæ баззадысты.

Мæ фыд хæстмæ ацыд 1942 азы æмæ, кæд хæсты уæззау цæфтæ фæци, уæддæр 1945 азы, августы мæйы, йæ бинонтыл сæрæгасæй сæмбæлд. Уæлахизы бон æй æрæййæфта æфсæддон госпитæлы. Кæд йæ цæфтæ бынтон нæма байгас сты, уæддæр йæ хъæуккæгты æмрæнхъ æрлæууыд – æвæллайгæйæ куыста семæ. Хæдзарад куы банывыл кодтой, уæд та бавнæлдтой, хæсты рæстæг цы хæдзæрттæ фехæлдысты, басыгъдысты, уыдон аразынмæ.

Мæ фыд куыддæртæй самал кодта хæрæгуæрдон æмæ уый руаджы хорз æххуыстæ кодта сыхæгтæн, сидзæргæстæн. Хур-иу йæ был нæма сдардта, афтæ-иу мæ фыд хъыс-хъысгæнаг сугæй дзаг уæрдон æрлæууын кодта сыхæгтæй куы кæй, куы кæй хæдзары дуармæ. Афтæ радыгай ласта суг, арæхдæр сидзæргæс сылгоймæгтæн.

Уыцы рæстæг хъæдгæсæй куыста нæхи хъæуккаг Хæдарцаты Созырыхъо – æуууæнкджын, бæрнон адæймаг, иузæрдион йæ куыстыл. Æмæ куыд нæ, парти йын бабар кодта ацы бæрнон хъуыддаг! Созырыхъо-иу арæх амбæлд мæ фыдыл, хъæдæй-иу суджы уæрдонимæ куы рацæйцыд, уæд. Кæм-иу уыд хъæдгæсæн æхсызгон, æмæ-иу мæ фыдæн бауайдзæф кодта.

– Сандыро, æгъгъæд нæма у, хъæд иууылдæр куы ныццагътай!

Мæ фыд дæр-иу, кæй зæгъын æй хъæуы, фефсæрмы ис æмæ-иу ын æфсæрмытæгæнгæ афтæ бакодта:

– Омæ, Созырыхъо, не 'ххормаг сабитæн мæ бон æндæр ницæмæй баххуыс кæнын у. Уадз æмæ, зæгъын, æртхуыз уæддæр уой. Стæй, мыййаг, мæлæты хорз сугтæ куы не сты, мæнæ хъæдхъыгдарæнтæ рамбырд кодтон, уазал сабитæ, зæгъын, сæм сæ гомгуыбынтæ уæддæр батавдзысты.

Мæ фыд æнæлаз, æнæхин, зæрдæхæлар, цæстуарзон лæг уыд. Фæлæ-иу зыдта, Созырыхъойæ кæй нæ аирвæздзæн уый, æмæ-иу ам хин ми кæнын дæр бахъуыд. Уæрдоны гуыффæйы-иу бынæй сæвæрдта хорз, арты гуыр-гуырæй чи судздзæн, ахæм сугтæ, уæле та сыл-иу æркалдта фæрвы къалиутæ, пыхсытæ. Созырыхъо æмбаргæ лæг уыд æмæ йыл фæгуырысхо. Иубон йæ фæдыл (мæ фыд суджы уæрдон куы ласта, уæд) гуырæй-гуырмæ фæцыд æмæ сыхæгты кæрты суджы уæрдон куыд афтид кодта, афтæ йæ уæлхъус алæууыд. Уыцы рæстæг хæдзарæй цингæнгæйæ ракалдысты амæй-ай къаддæр гомгуыбын, бæгъæввад, æххормаг авд сывæллоны.

Созырыхъо сæм куы фæкомкоммæ æмæ куы бамбæрста, сугтыл афтæ тынг кæй цин кæнынц сабитæ, уый, уæд ма мæ фыдæн сабыргай загъта: «Дæ куыст кæн, æрмæст аивæй архай. Дæхи дæр æмæ мæн дæр хъахъхъæн. Хицауады цæст дыл макуы æрхæцæд».

Нæ хъæуы мæ фыды хуызæн хæрзгæнджытæ уæды рæстæг чысыл нæ уыд. Суанг ма хæстæй уæнгхъуæгтæй чи сыздæхт, уыдон дæр æнцад бадын сæ сæрмæ нæ хастой. Сæ бон куыд уыд, афтæ æххуыстæ кодтой сыхæгтæн. Адæм ма-иу, колхозы куыстытæй уæлдай, кæрæдзийæн баххуыс кæнынæн дæр рæстæг ссардтой. Кау бийынæй, хос кæрдынæй, хæдзар амайынæй, хæдзары сæр æмбæрзынæй – иууылдæр сæ кодтой æмдыхæй. Стыр худинагыл нымад уыд иумæйаг зиумæ нæ рацæуын. Ахæм куыстытæ-иу фыццаджыдæр бакодтой сидзæртæн. Сидзæргæс сылгоймагæн йæ къух истæмæй фæрогдæр кæнын нæ сыхы дæр æмæ нæ хъæубæсты дæр алчидæр нымадта йæ хæсыл.

Абон та? Абон суджы уæрдон нæ, фæлæ дын къæцæл дæр лæвар ничи ратдзæн, иу тихалæг дæр дын лæвар ничи ракæрддзæн. Лæвар кусæг, дам, нал ис. Акæсæм ма нæ алыварс. Бонджынтæ хæлæф кæнынц, галуантæ аразынц. Мæн фылдæр фæуа йыл архайынц. Куырттаты комы æрлæбырынæй тæссаг кæм у, уыцы рæтты дæр фæзынд хæдзæрттæ. Нæ куырыхон фыдæлтæ хорз æмбæрстой, æрдз не сфæлдисæг дæр æмæ нæ дарæг дæр кæй у, уый, æмæ йын табутæ дæр уымæн кодтой. Хъахъхъæдтой йæ. Ныры дуджы та æрдзы фыдæхæй дæр ничиуал тæрсы.

Раст зæгъгæйæ, бирæ ис, йæ сыгъдæг удвæллойæ нырыккон хæдзæрттæ чи аразы, ахæмтæ дæр. Уыдонмæ æххуысы охыл куы баулæфай, уæд æнæмæнг дæ фарсмæ æрбалæуудзысты. Фæлæ, хъыгагæн, ахæм рæдаутæ хæрзчысыл ис.

Дыууæ азы размæ мах, хистæртæ иуцалдæрæй, бахатыдыстæм, йæ зæрдæйы дзæбæхæн дачæ чи ныззылдта нæ фарсмæ, ахæм лæппулæгмæ. Хуыцауæй курæгæу дзы куырдтам, нæ иумæйаг (исты змæлды рæстæгæн) хæдзар цалцæг кæнынæн нын истæмæй аххуыс кæн, зæгъгæ. Нæ курдиат фехъусгæйæ йæхи фæтызмæг кодта. Æз, дам, мæ къухтæм дæр æмхасæнтæ куы кæнын, калм дæр, дам, ма хæдзаргæнæгæй куы тæрсы, уæд мæм куыд æрбауæндыдыстут? Мæ фыдæн, дам, быдыры йе 'нæниздзинадæн нæ бæззы, æмæ, дам, уый тыххæй мæнæ иу чысыл хæдзар аразын. Ахæм хъæлæсыуагæй дзырдта, афтæ йæхи ныммæгуыр кодта, æмæ мах фæфæсмон кодтам, йæхæдæг тыхст куы у, уæд æм цæмæ бацыдыстæм, зæгъгæ.

Фæлæ... Фæлæ рацæй-рабон, æмæ уыцы дачæ-коттеджы улæфæг лæппутæ æмæ чызджыты цъæлхъæрæй æнæхуыссæг æхсæвтæ та абон мах æрвитæм. Йæ хицауæн цы у, кæй мæт æй ис, йæ дзыппытæ дзаг сты æхцайæ. Цæмæн хъуамæ бамæт кæна ацæргæ адæмыл? Куы йыл амбæлæм, уæд йæхи нæуынæг скæны. Æмæ ахæмтæ гыццыл ис нæ алыварс?! Уæд та-иу бынæттон администрацийæн истæмæй куы аххуыс кæниккой комбæсты цæрджыты социалон фарстатæ лыг кæныны хъуыддаджы!..

**ФÆРНИАТЫ Райæ,**
Фыййагдоны поселочы цæрæг.

ЗАКОННОСТЬ

# УГОЛОВНОЕ ДЕЛО НАПРАВЛЕНО В СУД

**В прокуратуре Алагирского района утверждено обвинительное заключение по уголовному делу в отношении жителя г. Алагира. Он обвиняется по ч. 2 ст. 228 УК РФ (незаконное приобретение, хранение без цели сбыта наркотических средств и частей растений, содержащих наркотические средства, в крупном размере).**

По версии следствия, в июле 2023 года обвиняемый в заброшенном саду сорвал части наркосодержащего растения, которые хранил в своем домовладении для личного употребления.

В ходе оперативно-разыскных мероприятий наркотическое средство было обнаружено и изъято сотрудниками правоохранительных органов. Его общая масса составила более 500 граммов.

Уголовное дело направлено для рассмотрения по существу в Алагирский районный суд.

Санкция вменяемой статьи предусматривает наказание в виде лишения свободы на срок до 10 лет.

**Юлия КОЛЛЕГОВА,**
помощник прокурора РСО-Алания по взаимодействию со СМИ и общественностью.

РОХÆН ÆВГЪАУ НÆМТТÆ

# ЙÆ ЗАРДЖЫТÆ ЦÆРДЗЫСТЫ ÆНУСМÆ

**Зарæг саразын æмæ йæ дзыллæтæм рæсугъдæй рахæссыны курдиат кæмæ уыд, уыцы зæрдæргъæвд адæймæгтæй иу уыд хæтæлдойнаг хæдахуыр композитор, поэт æмæ зарæггæнæг Елуаты Гадæгкойы фырт Алик. Йæ цард уыд тæхгæ стъалыйы хуызæн, рухс кодта уæздандзинад æмæ йæ курдиатæй адæмы зæрдæтæ, рæвдыдта йæ уды рухсæй, йæ зарджытæй йæ уарзон хъæуы цæрджыты, хиуæтты, æмбæлтты æмæ æмкусджыты зæрдæтæ, ирд тæмæнкалгæ стъалыйау уыд йе сфæлдыстады фæзынд ирон хихъæппæрисадон сфæлдыстады, фæлæ æваст ахуыссыд. Зæрдæруххсы мысинагæн Аликæй аццы зæххыл баззадысты йæ аив зарджытæ. Зыны дзы йæ ахаст нæ фыдæлты лæгдзинады цаутæм, йæ кæрдаг зонд æмæ рæсугъд миддуне.**

Фыдæлты æгъдау хистæрæй кæстæрмæ, фарнхæссæг хуынау, куыд цæуы, афтæ Аликæн дæр йæ фæлмæн æнкъараг зæрдæйы фыдæлтыккон зарæгмæ уарзт йе ‘взонгæй равзæрд. Йæ уды йын уыцы рухс бауагътой Куырттаты комы зарæггæнджыты къорды уæнгтæ. Уыдон иуахæмы рацыдысты Дзæуджыхъæумæ, цæмæй Цæгат Ирыстоны паддзахадон радиойы ныффыссой Гæздæнты авд æдзард æфсымæртыл сæ ногарæзт зарæг. Сæ фæндаг акодтой Хæтæлдоныл, Аликы та семæ хъырнæгæн райстой. Вокалон уацмыс фыст æрцыд, фæлæ уыцы цауæй йæ царды фæстаг бонмæ Аликæн йæ зæрдæйы райгуырдысты фыдæлтыккон зарæгмæ ноджы тыхджындæр уарзты æнкъарæнтæ.

Хæтæлдоны астæуккаг скъолайы дæр Алик бæрæг дардта йæ хорз æгъдау æмæ зæрдæйы хаттæй. Зæрдиагæй архайдта ахуырадон артдзæст æмæ йæ райгуырæн хъæуæн йе ‘хсæнадон царды. Уыд ахуыр æмæ сфæлдыстадон куыстмæ зæрдæргъæвд, фæллойы та – æнæзивæг. Уарзтой йæ хъæуы цæрджытæ, йæ ахуыргæнджытæ æмæ æмбæлттæ. Скъолайы куыстадон бригад куы сарæзтой, уæд æм йе ‘мгæрттæй фыццагдæр Алик бацыд. Хорз арæхст зарын æмæ кафынмæ.

Скъолайы ахуыры фæстæ æнтыстджынæй каст фæци Новочеркасскы машинæтæ аразæн институт. Куыста Дзæуджыхъæуы автотранспорты колоннæйы. Архайдта дзы хихъæппæрисадон къорды. Йæ арæзт вокалон уацмыстæ зæлыдысты адæмон сфæлдыстады республикон, æппæтуæрæсеон æмæ æппæтцæдисон фестивалты æмæ конкурсты. Куыд сыгъдæг зæрдæ æмæ куыстуарзаг адæймаг, æцæг ирон лæг, афтæ йæ фæзминаг фæллойы фæд баззад нæ республикæйы чиныгуадзæн типографийы куыстадон азфысты дæр.

Йæ цард æмæ техникон профессион дæсныйадæй уæлдай Аликæн йе стырдæр амонд уыд фыдæлты зарæг. Йæ фæрцы хорз кæстæриуæг фæкодта ирон аивадæн, нæ зынгхуыст хъæбатыр фырттæн. Зæрдиагæй арæзт аив зарджытæй сын сæнусон кодта сæ нæмттæ, сæ лæгдзинады цаутæ. Алик æмæ йе ‘мхъуыдыгæнæг адæмы, йæхи арæзт зарæггæнджыты къорды уæнгты руаджы Ирыстоны зæххыл ныр дæр зæлынц Хæтæлдоны зынгхуыст хæстон фæсивæды, Кæсæбиты Тæтæрийы, Советон Цæдисы Хъæбатыртæ Мамсыраты Хаджумар æмæ Кцойты Петры, инæлар Сланты Лентъойы, Чъерджиаты Гæбæты фыртты, Беруаты Таймуразы, Датиты æфсымæрты, Хестанты æфсымæрты, Елуаты Алыксандры, Хæххон хæстон фæсивæды æмæ бирæ æндæр зарджытæ, вокалон композицитæ. Аивæй-иу сæ адæмы рæгъмæ рахаста Æгайты Ким, Текъойты Мантиссæ, Хъамболты Тъæрæс, Зæнджиаты Юри, Цъугкиты Валодя æмæ Елуаты Гадæгкоимæ. Хаст сты Цæгат Ирыстоны паддзахадон радио æмæ Адæмон сфæлдыстады республикон хæдзары æвæрæнтæм. Зарынц сæ профессион æмæ хæдахуыр зарæггæнджыты къордты архайджытæ. Бакæсæн сæ ис чиныг “Ирон адæмон сфæлдыстад»-ы дыккаг томы. Сарæзта йæ филологон наукæты доктор, профессор Салæгаты Зоя.



ЕЛУАТЫ Алик (фæстаг рæнхъы галиуæрдыгæй дыккаг) Хæтæлдоны хистæртимæ

Аликæн йе сфæлдыстадон бынтæн, куыд сæ тексттæн, афтæ мелодитæн, аргъ кодтой профессион композитортæ æмæ зарæггæнджытæ Суанты Федыр, Баллаты Валодя, Хаханты Дудар, зындгонд поэт Цæгæраты Гиго æмæ Туаты Валодя. Ирон аивады зæрингуырдтæ алы рæстæджыты куыстой Дзæуджыхъæу æмæ республикæйы культурæйы хæдзæртты, клубты æмæ куыстуæтты хихъæппæрисадон къордтимæ. Аликæн, куыд æрдзон курдиатæй æххæст, æцæг ирон уæздан лæгæн, кад æмæ аргъ кодтой. Йæ зарджытæ йын æхсызгонæй хастой сæ арæзт чингуытæм, концерттæм æмæ радиобакастытæм.

Аликы сфæлдыстады тыххæй, йæ æвирхъау адзалы фæстæ, сæрмагонд радиобакаст сарæзта Цæгæраты Гиго. Мæнæ дзы куыд дзырдта: “Елуаты Алик куысты сæрæн, æмгарджын æмæ æгъдауджын лæппу уыд. Йæ удыхъæд куыд аив уыд, йæ зарджытæ дæр афтæ зæрдæагайгæ сты. Алы зæлæй дæр хъарынц адæймаджы зæрдæмæ æмæ дзы рухс фæд уадзынц. Алы уацмысыл дæр бæлвырд куыста. Иу дзы иннæйы халдих нæу, нæдæр хъуыдыйæ, нæдæр зæлынадæй. Алкæмæн дæр сæ ис йæхи цæсгом æмæ фæндаг адæмы зæрдæтæм. Сæ хъуыдыйæ сты æнцонæмбарæн æмæ мидисджын. Ирон æвзаг æмæ адæмон сфæлдыстад Алик хорз кæй зыдта, фыдæлтыккон зарджытæ йæ аив удмæ хæстæг кæй иста, аргъ æмæ сын кад кæй кодта, уый йæхи аивадон æрмдзæфыл дæр ирдæй зыны. Сыгъдæг æмæ æнкъараг зæрдæйæ, кæрдаг зондæй цы цæуа, уый та фæлтæрты зæрдæтæм дæр хуыздæр хъары, уыцы уаг æмæ æгъдауыл хæст уыд йæ цыбыр, фæлæ тæхудиаг цардвæндагыл».

Зæххыл æнусон ницы æмæ ничи у, фæлæ дзы адæймаг йæ зæрдæйы ахастæй, йæ архайдæй цы рухс фæд ныууадзы, уымæн сæфæн нæй.

**ГАСАНТЫ Валери.**

В ПАРТИЯХ

# ПОМОЩЬ ШКОЛЬНИКАМ СТРАНЫ

**«Единая Россия» помогла подготовить к школе более 200 тысяч детей по всей стране**

Помимо традиционных категорий – детей из многодетных, малообеспеченных семей – особое внимание уделили семьям участников СВО, а также детям в новых регионах.

В новые регионы «Единая Россия» передала более 30 тысяч рюкзаков для первоклассников и наборов для школьников из нуждающихся и многодетных семей, отметил руководитель Центрального исполкома партии **Александр Сидякин**. «Волонтёры доставляли их, в том числе, в прифронтовые территории и продолжают развозить адресно, так как некоторые люди не смогли доехать до партийных пунктов гуманитарной помощи или раньше обратиться за поддержкой. Мы пополнили и школьные библиотеки. Передали уже более миллиона книг», – сказал он.



Заместитель секретаря регионального отделения партии **Марат Едзоев** подчеркнул, что к акции «Собери ребенка в школу» подключились депутаты всех уровней, представляющие «Единую Россию».

«В этом году нам удалось собрать в школу порядка тысячи ребят, – уточнил он. – Портфели и «Наборы первоклассника» мы передали самым младшим школьникам, для ребят постарше подготовили комплекты канцелярских принадлежностей. Также региональное отделение партии оказало помощь школьникам из Луганской и Донецкой Народных Республик, которые находятся в пунктах временного размещения на территории нашей республики. Помимо этого сто портфелей и «Наборов первоклассника» отправили в Запорожскую область».

**Альбина ШАНАЕВА.**

ОМВД ПРЕДУПРЕЖДАЕТ

# ОСТОРОЖНО: КИБЕРМОШЕННИКИ – СКИММЕРЫ!

Появление банковских карт во многом облегчило жизнь людей. Теперь нам не нужно носить с собой крупные суммы денежных средств и бояться, что какой-нибудь воришка похитит кошелек. Практически все магазины принимают оплату пластиковыми картами, а если нет, то поблизости всегда есть банкомат. Но даже такой технический прогресс не гарантирует безопасность ваших сбережений. На смену привычным для граждан «карманникам» пришли современные кибермошенники – скиммеры.

Скиммеры – это мошенники, которые с помощью специальных устройств считывают информацию с банковских карт и снимают денежные средства со счетов граждан.

Стоит отметить, что мошенники списывают средства со счетов граждан обычно ночью, чтобы потерпевший не успел заблокировать карту.

**КАК ИЗБЕЖАТЬ ПЛАЧЕВНЫХ ПОСЛЕДСТВИЙ?**

- Не стесняйтесь изучить поверхность банкомата. Потрогайте панели. Обычно фальшивые держатся плохо. Если что-то шатается, изучите деталь поближе.

- Плохой сигнал – если на ровной поверхности встретилось миниатюрное углубление, которое издалека выглядит как черная точка. Присмотритесь, возможно, это глазок видеокамеры.

- У мошенников не всегда есть возможность покрасить фальшивые запчасти в цвет банкомата. Несовпадение по цвету и тону легко заметить.

- Пользуйтесь только хорошо знакомыми банкоматами. Банкоматы в отделении банков находятся под наблюдением охранников и являются более безопасными.

- Прежде чем вставить вашу карту в банкомат, внимательно осмотрите картридер на присутствие в нем посторонних предметов, накладок, наклеек, вставок.



- Считать информацию с карты также могут в кафе или магазине. Поэтому обязательно требуйте проведения операций с картой только в вашем присутствии.

- Присмотритесь, если банкомат старый, со сколами и затертыми панелями, а клавиатура выглядит как новая, – это признак скиммеров.

- Если банкомат атакован мошенниками, под накладкой вы увидите настоящую клавиатуру. Чаще всего лже-клавиатуру приклеивают клеем или двусторонним скотчем. Поэтому при наборе клавиш ощущается небольшой люфт.

- Всегда прикрывайте ладонью панель клавиатуры. Это не позволит видеокамере мошенников зафиксировать ваш ПИН-кода.

- Банкоматы, имеющие на клавиатуре специальные «крылья», затрудняют установку лже-клавиатур и почти полностью исключают возможность записи ввода ПИН-кода на скрытую камеру.

- Подключите услугу “СМС-банк”, тогда Вы сможете быстро среагировать на внезапные списания.

**ЕСЛИ ВАМ ВСЕ ЖЕ НЕ УДАЛОСЬ ИЗБЕЖАТЬ КИБЕРАТАКИ, НЕОБХОДИМО СДЕЛАТЬ СЛЕДУЮЩЕЕ:**

1. Не забирайте фальш-детали, не открепляйте их.

2. Заберите вещи и уходите подальше от банкомата. Не привлекайте к себе внимание, за вами могут следить из машины или пешком.

3. Убедитесь, что за вами не следят. Потом позвоните в банк, которому принадлежит банкомат, и сообщите о случившемся.

4. Если вы заметили скиммер уже после того, как вставили карту, оставьте ее в банкомате. Позвоните в свой банк, заблокируйте и опишите ситуацию.

**ОМВД России по Алагирскому району.**

## ПОЗДРАВЛЕНИЯ. ОБЪЯВЛЕНИЯ. РЕКЛАМА



**Абон нæ зынаргъ, нæ уарзон фыд æмæ баба, нæ бинонты буц хистæр ТОЛПАРТЫ Мудцайы фырт Хадзбатырыл æххæст кæны 95 азы.**

*Хæдзары, дам, хорз хистæр куы вæййы, уæд уый стыр амонд у, фæзæгъынц. Мах амондджын бинонтæ стæм, нæ куырыхон, нæ зондамонæг Хадзбатыры руаджы, æвæццæгæн. Нæртондзинад йе уæнгты кæмæн ис, уый йæ хъуыддæгтæ æмæ номæй æхсæнады бæрæг вæййы – æгъдаухæссæг, бирæтæн фæзминаг.*



*Нæ дзæбæх, нæ иузæрдион, æппæтæй хуыздæр фыд æмæ баба Хадзбатыр! Арфæ дын кæнæм дæ юбилейы фæдыл! Абон нæ куывтыты хуыздæр Хуыцаумæ фехъуысæд, æмæ нын фидар у кæддæриддæр. Нæ зæрдæ дын зæгъы царды бирæ хорздзинæдтæ – фыццаджыдæр æнæниздзинад, кæстæрты амонд! Дæ сæдæ азы сæрты уæнгрогæй, цæстырухсæй акæс!*

**Ацы арфæтæ дын кæнынц дæ бинонтæ.**

---



**ФИРМА "Казбек"**
**ОКНА и ДВЕРИ.**
**СЕТКА В ПОДАРОК.**
**РАССРОЧКА. ГАРАНТИЯ. РЕМОНТ.**
☎ **8-960-400-28-11.**

---

**УСЛУГИ МИНИ-ПОГРУЗЧИКА.**
**ДОСТАВКА**
**на а/м "Газель"-самосвал.**
☎ **8-928-492-95-97.**

---



**Фирма «ТИТАН»**
**ОКНА и ДВЕРИ**
**ИЗ ПЛАСТИКА – ЭКОЛОГИЧЕСКИ ЧИСТЫЕ, БЕЗ СВИНЦА. ГАРАНТИЯ КАЧЕСТВА.**
☎ **8-919-429-43-43, 8-960-402-50-09.**

---

## ПРОДАЮТСЯ:

**МЕД местный 100%-ного качества – 1000 руб/л.**
Обр-ся: с. Црау, ул. Комсомольская, 50. ☎ **8-928-485-31-63.**

**породистые ПОРОСЯТА 2- и 3-месячные.** Цены договорные.
☎ **8-928-482-55-44.**

**ТЕЛЯТА и БЫЧКИ** разных возрастов. Цены договорные.
☎ **8-928-855-49-16, 8-969-888-83-83.**

## УСЛУГИ:

**РАЗБОРКА ветхих строений. УБОРКА территорий, ВЫВОЗ строительного мусора на а/м ЗИЛ-самосвал. ГРУЗОВЫЕ ПЕРЕВОЗКИ на а/м «Газель». ПОКОС ТРАВЫ газонокосилкой. ВАЛКА ДЕРЕВЬЕВ. Натягиваем сетку в огородах, устанавливаем заборы из профнастила. ФУНДАМЕНТ, КЛАДКА блоками и черновой кирпич. СТЯЖКА. СВАРОЧНЫЕ РАБОТЫ.**
☎ **8-928-488-04-81.**

**НАКРЫВАЕМ КРЫШИ. КЛАДКА БЛОКАМИ. БЕТОННЫЕ РАБОТЫ. ПОДШИВКА, утепление и УСТАНОВКА ПОТОЛКОВ.**
**РЕМОНТ И УСТАНОВКА ВЫТЯЖНЫХ ТРУБ от колонок и котлов.**
**СНИМАЕМ СТАРЫЙ АСФАЛЬТ, погрузка и вывоз.**
☎ **8-928-072-45-20.**

**УСЛУГИ САНТЕХНИКА**
**ВЫСОКОЕ КАЧЕСТВО, НИЗКИЕ ЦЕНЫ**
Водоснабжение, канализация. Копаем траншеи вручную и экскаватором. Профессиональная установка канализационных и водопроводных труб любой сложности и любым материалом. Разводка воды и канализации в ванных, кухонных и других помещениях. Устанавливаем ванны, унитазы, тюльпаны, колонки.
**Работы отбойным молотком и перфоратором.**
☎ **8-928-931-09-58.**

---

**В организацию**
**ТРЕБУЮТСЯ ГРУЗЧИКИ**
☎ **8-988-832-32-42, 8-962-746-65-98.**

---

**На автозаправочную станцию «Капля»**
**ТРЕБУЮТСЯ: ОПЕРАТОР, ОХРАННИК на мойку.**
☎ **8-928-070-05-30.**

---

**ПРОКАТ ПАЛАТОК**
**на 100 – 500 мест.**
**Обр-ся: ул. Лесная, 8.**
☎ **8-988-831-57-21, 8-928-686-97-16.**

---

**ПРОКАТ ПАЛАТОК от 100 до 500 мест.**
**Новые белые, синие и обычные тенты.**
**ПРОКАТ АВТОХОЛОДИЛЬНИКА. ГРУЗОПЕРЕВОЗКИ.**
☎ ***8-928-864-53-51, 8-929-863-11-45.***

---

**Хæсты быдырæй**
**Цæфтæй куы ссыдтæ...**
**Дæхи, мæ хъæбул,**
**Дзæбæх куы кодтай...**
**Дæ хæстон 'мбæлттæм**
**Ды тагъд куы кодтай...**
**Дæдæй, мæ хъæбул,**
**Куы нал сулæфыд**
**Дæ фæллад зæрдæ...**
**Фыдбылыз 'рцыди**
**Дæ фидар уæнгтыл,**
**Бæллæхы бахауд**
**Мæ хъулон кæстæр...**
**Æвзонг кæстæры**
**Кæмæн ныууагътай?**
**Кæугæ-дзыназгæ –**
**Æппæт бинонтæ...**
**Дæ мады хъарæг**
**Судзгæ цæссыгтæй**
**Цæй æгæрон у**
**Йæ дудгæ мæтæй...**
**Ныр ма цы кæна,**
**Ныр ма куыд кæна?..**
**Æнæбон, æнæхур –**
**Зын куыд фæраза?..**
**Зæгъут ма, адæм,**
**Кæд, мыййаг, фын у –**
**Кæм ис мæ хъæбул?..**
**Мæнæ куыд зын у...**
**Цæй диссаг сты**
**Ирон æмбисæндтæ!..**
**Мæнæн сæ арæх**
**Хистæртæ дзырдтой.**
**Мæ зæрдыл дарын**
**Æз алцы 'ппæтдæр,**
**Сæ иу дзы æрцыд**
**Мæ дзæбæх фыртыл...**



Дзугкойты бинонтæ арфæ кæнынц, сæ зын сахат – **Дзугкойты Эдикы фырт Сосланы** зианы бон сæ фарсмæ чи 'рбалæууыд, сæ рисæй сын йæ химæ чи айста, уыцы сыхбæстæ, хиуæттæ, зонгæтæ, æппæт æрцæуæг адæмæн.

**Хъусын кæнынц, Сосланы дыууиссæдзæм боны кæнд кæй уыдзæн сабаты, 9 сентябры, ахæм адрисыл: Суадаг, Калинины уынг, 10 хæдзар.**

---

**Редакция газеты "Заря" ПРИНИМАЕТ ОБЪЯВЛЕНИЯ ЕЖЕДНЕВНО, КРОМЕ СУББОТЫ И ВОСКРЕСЕНЬЯ, с 9 до 18 ч.**
**Перерыв – с 13 до 14 ч.** ☎ ***3-14-64.***

---






---



Семья Дзалаевых благодарит соседей, родственников, друзей и знакомых, всех, кто разделил с ней боль утраты дорогого **Дзалаева Сосланбека Батрбековича.**

Пусть в ваших домах царят мир и благополучие, пусть ваши близкие будут здоровы и счастливы.

**Извещаем, что сорокадневные поминки Сослана состоятся в субботу, 9 сентября, по адресу: ул. Генерала Дзилихова, 42.**

---

Классный руководитель, учащиеся 5 «В» класса СОШ № 2 и их родители выражают глубокое соболезнование Инге Химилоновой по поводу кончины
**СЕСТРЫ**

---

Семья Голоевых выражает глубокое соболезнование А.А. Джериевой по поводу кончины матери
**МИЛЬДЗИХОВОЙ-ДЖЕРИЕВОЙ**
**Райхан Хадахцикоевны**

---

Одноклассники выражают глубокое соболезнование Альбине Джериевой по поводу кончины матери
**МИЛЬДЗИХОВОЙ-ДЖЕРИЕВОЙ**
**Райхан Хадахцикоевны**

---

Классный руководитель, учащиеся 8 «В» класса СОШ № 2 и их родители выражают глубокое соболезнование учителю математики Ф.Н. Сидамонидзе по поводу кончины брата
**СИДАМОНОВА**
**Владимира Николаевича**

---

**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ круглосуточно, ВОЗМОЖНО УКОЛОМ. ОДЕЖДА, КАТАФАЛК, ОРКЕСТР, ДУДУК. КИРПИЧ, ПЛИТЫ. ГРОБЫ, НАКИДКИ, ВЕНКИ. ДОСТАВКА БЕСПЛАТНО. ПЕРЕВОЗКА ТЕЛА УМЕРШЕГО. Возможна оплата после похорон. Обр-ся: г. Алагир, ул. Ч. Басиевой, магазин «Стекляшка».** ☎ **8-928-933-42-32.**

---


**Использование материалов и клише допускается только с письменного разрешения редакции. При перепечатке ссылка на "Зарю" обязательна. Редакция не вступает в переписку с авторами. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Ответственность за содержание и достоверность сведений в газетных материалах и рекламных объявлениях несут авторы.**


**Газета набрана и свёрстана в компьютерном цехе редакции, вёрстка – Валерий Козырев. Корректор – Эмма Лолаева.**

УЧРЕДИТЕЛЬ: АМСУ Алагирского района РСО-Алания (363240 РСО - Алания, г. Алагир, ул. Кодоева, 45).

**Главный редактор Д.Е. СУАНОВА**

Газета зарегистрирована 15 ноября 2012 года Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания, регистрационный номер ПИ № ТУ 15-00080.

*Телефоны редакции: главный редактор — 3-29-72 главный бухгалтер — 3-14-64.*

Выпуск осуществлён при финансовой поддержке Министерства цифрового развития, связи и массовых коммуникаций РФ

*Отпечатано в АО "Осетия-Полиграфсервис": г. Владикавказ, пр. Коста, 11.*

Подписано в печать в 16-40 (по графику — 17-00).

**Индекс – П6179. Печать офсетная. Объем – 1 п. л. Тираж – 2510 экз.**

*Заказ № 1045*

Газета выходит во вторник, четверг, субботу на русском и осетинском языках. Цена свободная.

**Адрес редакции и издателя: 363240, РСО-А, г. Алагир, ул. Сталина, 72. E-mail: gazeta_zaria@mail.ru сайт: zarya15.ru**